

Kisa m Ta Dwe Konnen Konsènan Depistaj Oditif Tibebe m nan?



Yon depistaj oditif san danje epi li p ap fè tibebe w la mal. Pifò tibebe yo dòmi pandan depistaj oditif la.

Depistaj oditif la dire anviwon 10 minit.

Yon depistaj oditif se yon tès byen rapid pou gade si tibebe w la tandè son ki dou. Yo dwe ka tandè son sa yo pou yo kapab aprann lang.

Ou pral resevwa rezilta tibebe w la avan ou kite lopital la.

Li rekòmande pou tout fanmi swiv gid 1-3-6 sa yo:

- 1 Tout tibebe dwe fè yon depistaj oditif avan yo gen laj 1 mwa.
- 3 Tout tibebe ki pa t reyisi depistaj oditif inisyal pou nouvone a dwe resevwa yon evalyasyon dyagnostik nan men yon odyolojis avan yo gen laj 3 mwa.
- 6 Tibebe ki resevwa dyagnostik pèt odisyon dwe kòmanse ap resevwa sèvis entèvansyon prekòs pi bonè ke posib, men pa pi ta ke laj 6 mwa.

Gid sa yo se rekòmandasyon Komite Miks pou Odisyon Tibebe Akademi Amerikèn Pedyatri a (American Academy of Pediatrics' Joint Committee on Infant Hearing) k ap oryante Pwogram pou tibebe pou Deteksyon ak Entèvansyon Prekòs (Early Hearing Detection & Intervention, EHDI).

Si w gen kesyon konsènan depistaj oditif pou tibebe w la, tanpri kontakte pwofesyonèl swen sante w la.



Pou plis enfòmasyon: health.ny.gov/EHDI



Department
of Health